ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№9 (23.667) ● 2018 гъэм щІышылэм (январым) и 20, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Іущащ Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм я федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщым и япэ къуэдзэ - УФ-м и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм я командующэ нэхъыщхьэ, генерал-полковник Меликов Сергей. Урысей гвардием и дзэхэу Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэм щІыІэхэм я командующэм и къалэнхэр пІаІэхкІэ игъэзэщІэну Корнюшкин Сергей зэрагъэувым къыхэкІыу республикэм къэкІуауэ щыІэм.

Мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхухэм щытопсэлъыхь

АХЭР ТЕПСЭЛЪЫХЬАЩ гъэзэщІакІуэ властым и щІыналъэ органхэмэ Урысей гвардиемрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, террорист, экстремист щІэпхъэджагъэхэр къэмыгъэхъуным, къызэрымыкІуэ къэхъуакІэщхэм къаша щытыкІэхэр гъэзэкІуэжыным теухуауэ дяпэкІи быдэу зэпыщІауэ зэдэлэжьэныр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и кІэм щынэблэгъащ Урысей гвардием и щІыналъэ органым и унафэщІхэм я лэжьыгъэр щыпІэм щызэпехухуэм пыщІа Іуэхуэр. Меликовым къызэрыхигъэщамкІэ, КЪБР-м и унафэщІхэр щІэгъэкъуэныщхуэ хъуащ абы къулыкъу щызыщІэнуэхмкІи материально-техникэ и Іэныкъуэкіи къызэгъэпэщыным пыщІа Іуэхуэхэмкіэ.

Генерал-полковник Меликовым къыхигъэбелджылыкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым жылагъуэ шынагъуэншагъэ и лъэныкъуэкІэ гугъуехь гуэр щыщыІэу къызэримылъытэр: «Къапэщыт къалэнхэр ягъэзащІэ жылагъуэм щытыкІэ тэмэм щыщыІэу. Мы зэманым узыгъэгузавэ шынагъуэ гуэрхэр щыІэкъым, ауэ къэрал щыбым щызэфІэува щытыкІэм дысакъым, ягъэ зидгъэщу Іуэхугъуэ пыухыкІахэм ди нэІэ ятедгъэтын хуейуэ къеГъэув».

Зэман гъунэгъум къэув къалэн нэхъыщхьэу къагъэлъагъуащ Урысейм и Президентыр зэрыхахынум зыщыхуагъэхьэзыр, ар щкеІуэкІ зэманым хабзэр къызэгъэпэщыныр.

КІуэкІуэ Юрий Лъэпкъ гвардием и дзэхэм я федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІхэм, хэхауэ абы и Іэтащхьэ, армэм и генерал Золотов Виктор сымэ фІыщІэ яхуищІащ гъэзэщІакІуэ властым и органхэу щыпІэхэм щыІэхэм быдзу къапыщІауэ къаззрыдзалажьэм папщІэ. Республикэм и Іэтащхьэр генерал-лейтенант Корнюшкин С. И. ехъуэхъуащ Урысей гвардием и Кавказ Ищхьэрэ округым и унафэр щІыным ехъулІэныгъэхэр къыщихьыну. «Ар пщІэ зыхуащІ цІыхуш, Кавказ Ищхьэрэр фІыуэ ецІыху, мыбы щыщыІэ щхьэхуэныгъэхэм щыгъуаззщ. Шэч кыытехьэркъым Урысейм и Президент хэхьыныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр жыджэру, зэщІэгъэуІауэ зэрыхэтыным, цІыхухэм хэхьныгъэкІэ яІэ хуитныгъэхэр хабзэм тету къызэрыхуэзэрагъэпэщыным», - къыхигъэщащ КІуэкІуэм.

Зэ1ущІэм хэтащ КЪБР-м Шынагъуэншагъэмкіэ и советым, УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм, КЪБР-м щыІэ МВД-м, УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КЪБР-м щыІэм, Іэнатіэхэм я унафэщІхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналист» цІэ лъапІэр Мэлбахъуэ З. Р. фІэщыным и Іуэхухіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Хьыбарегъащ1э Іэнатіэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам икІи илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналист» цІэ лъапІэр фІэщын **Мэлбахъуэ Зинаидэ Рашид и пхъум** - «Кабардино-Балкарская правда» газетым и къудамэм и редакторым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий.

Налшык къалэ
2018 гъэм щІышылэм и 19-м
№3-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхьилъыр Аккизовэ С. К. етыным и Іуэхуіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Сурэт щІын гъуазджэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхьилъыр етын **Аккизовэ Сиярэ Киес и пхъум** - «Урысейм и Сурэтыщ1хэм я союз» Урысейпсо творческэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий.

Налшык къалэ
2018 гъэм щІышылэм и 19-м
№94-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэм ядэІэпыкъунымрэ къуажэхэм зеГъэужьыныгъэ трагъэкІуэдэн папщІэ сом мелардитІым нэблагъэ хуауТІыпщ

2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и агропромышленнэ комплексым дэІэпыкъунымрэ къуажэхэм я инфраструктурэр егъэфІэкІуэныгъэ трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетхэм я ахъщэу сом мелард 1,9-м щІигъу хухахащ.

А АХЪШЭР трагъэкІуэдэнущ мэкъумэш щІапІэхэр егъэфІэкІуэным, гъэшым хэгъэхъуэным, апхуэдэу агропромышленнэ комплексым халъхьэ инвестицІэ кредитхэм процентКІэ щхьэщатыкІ ахъшэм щыщ Іыхьэ яхуэпшныжым, псэупІэ унэхэр, фельдшер-акушер пунктхэр, спорт Іуэхущ1апІэхэр зхуэным, газымрэ псымрэ къуажэхэм щызэбгрыщыным.

Федеральнэ хъыбарегъащІэ агентствэхэм къатахэм япкъ иткІэ КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм игъэхьэзыращ.

● КЪБР-м и Парламентым

Гъуэгухэм я фІагъымрэ шынагъуэншагъэмрэ

КЪБР-м и Парламентым Промышленностымкіэ, транспортымкіэ, связымрэ гъуэгу Іэнатіэмкіэ и комитетым иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и автомобиль гъуэгугъэр зыхуей зэрыхуагъаззэм теухуа зэІущІэ.

АБЫ ХЭТАЩ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу КЪБР-м и Парламентым, суд Іуэхущ1апІэхэм щыІэ **Дышэкі Мадинэ**, КЪБР-м Гъуэгу Іэнатіэмкіэ и управленэм, «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъуэгухэм и Іэнатіэм, КЪБР-м и МВД-м и ГИБДД-м и Іуэхущ1апІэм я Іэщ1агъэлІэхр, Урысейпсо цІыхубэ фронтым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэмрэ щыпІэ самоуправлениэм и органхэмрэ я лэжьакІуэхэр.

Жанатаев Сэлим зэІущІэр къыщыхэІуихым жиІащ цІыхухэм я шынагъуэншагъэр автомобиль гъуэгухэр зыхуэдэм куэдкІэ зэрельытар. «Гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэныжкІэ иужьрей илъэсхэм куэд тхуэщІами, иджыри дызэлэжьын хуейр гъунэжщ», - къыхигъэщащ абы.

КъаІэта Іуэхум теухауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ КЪБР-м Гъуэгу Іэнатіэмкіэ и Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Акопян Рафаэль**. Абы къыхигъащащ иужьрей илъэсхэм автотранспортым, машинэ хьэлъэзешхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуар гъуэгухэм зэран зэрахъэхъуар. Республикэм и автомобиль гъуэгухэм километр мини 9-рэ 55-рэ къызэщІаубыдэ, абы щыщу километр 379-р федеральнэщ, километр мини 5-рэ 737-р муниципальнэщ.

Автомобиль гъуэгухэм я щытыкІэр егъэфІэкІуэным, машинэ зэжьхэхуэ къыщыхъункІэ хъуну шынагъуэ здэщыІэ щыпІэхэм елэжьыным, транспортыр зэтримыхьэным, нэгъуэщІ къалэнхэми яхуэгъэзауэ республикэм щолажьэ «КЪБР-м и транспорт Іуэхум зегъэужьын» къэрал программэм. 2017 гъэм ирагъэкІуэкІа Іэжьыгъэм къыщытеувыІэм, Акопян Рафаэль къыхигъэщащ сом меларди 2-рэ мелуан 266-рэ а Іуэхухэм хухахауэ зэрыщытар, ауэ ахъшэм щыщу дыгъэгъаззэм и кІэм ирихьэлІэу къагъэсэбэпар процент 70-рщ.

Абы жиІащ зэман гъунэгъум автомобиль гъуэгу километр 30-м нэблагъэ зэрагъэзэщІыжыну зэрамурадыр. Псалъэм папщІэ, абы храгъэубыдэнущ Хъущтэ-Сырт къуажэм щыщыгъэжьауэ Шэджэм псыкъелъхэм нэс я зэхуаку дэлъ Іыхьэр. Уэсыр тхъун лэжьыгъэхэр къыщыззрагъэпэщын хуейщ Прохладнэ - Азау гъуэгум.

«Кавказ» федеральнэ автомобиль гъуэгухэм я управленэм гъуэгу шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныжкІэ и къудамэм и унафэщІ **Сэхъу Къаплъэн** зэІущІэм щІэсхэр щигъэгъуэзащ нэгъабэ зэфІагъэкІам. Іуэхущ1апІэм и къалэн зэхуэмыдэхэм къадэкІуэу, «Кавказ» Р-217 автомобиль гъуэгур зэгъэпэщыжьынми йолэжь. Мы зэманым ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ километр 387 - километр 297-хэм, ар Дзэлыкъуэкъуажэ, Псынэдахэ жылэхэм къыпекІуэкІынур Прогресс жылагъуэм деж щызэпагъэхьэжынущ. Лэжьыгъэхэр 2019 гъэм и кІэ пщІондэ яухын хуейщ.

2018 гъэм зэлэжьынухэм я гугъу щищІым, Сэхъуэ къыхигъэщащ блэкІа илъэсым зыхунэмысахэр яухыу, лъэмыжкэр зэгъэпэщыжьынымрэ Алтуд, Исльэмей къуажэхэм асфальт зытелъ я гъуэгухэм елэжьынымрэ яужь зэрихьэнур.

Налшык къалэм и муниципальнэ автомобиль гъуэгухэм зэрыкІэлъыплъым теухуауэ къэпсэлъащ Къалэр зэІузэпэщ щІынымрэ псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэхэмкіэ и управленэм и унафэщІ **Ашэбокъуэ Анзор**.

2017 гъэм гъуэгу фондыр сом мелуан 319-рэ мин 900-рэ хъуащ. Къалэ округым и гъуэгухэм зрагъэужьын папщІэ, республикэ бюджетым къыхагъэкІа субсидиемрэ 2016 гъэм къадэхуа ахъшэмрэ зэлъхьэжауэ, а бжыгъэр сом мелуан 744-рэ мин 268-м нэсащ.

Налшык къалэм и гъуэгухэр егъэфІэкІуэныжкІэ 2017 гъэм лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІащ. Къапщтэмэ, Мэлбахъуэм и цІэр зеэзыхьэ узрамыр зыхуей хуагъэзащ. Зэман гъунэгъум лэжьыгъэхэр щызэфІэкІынущ Комаровэ, Эльбрусскэ, Калюжнэ узрамхэм.

Ашэбокъуэр къытеувыІащ зыІуэу гугъуехьхэми. Псалъэм папщІэ, абыхэм ящыщщ узлбанэпсыр зэрыльэдэн гъуэгубгъуэхэм зэрыхэмыщІыхьар, а щыщІэныгъэм къыхокІ гъуэгухэр псынщІзу зэтекъутэжыныр. Налшык къалэм псыжапІэу иІэр километр 37-рэ хьу къудейуэ аращ, ауэ ахэри иджырей мардхэм къезэгъырыкъым. Къишынэмыщ1ауэ, Профсоюзнэ, Къэбэрдей, Щорсым, Кировым, Къалмыкъым, ПащІэм, Толстоим, Фурмановым я узрамхэр зэгъэпэщыжьын хуейщ. Къэпсэлъам къыхигъэщащ муниципальнэ гъуэгум и процент 20-м асфальт зэрытемыІтыхьхэр. Абыхэм асфальт тралъхьамэ, транспортыр я гъуэгухэмкіи кІуэнэуэ, къалэм щызэтриюжэ машинэр зэтриГъэкІынут. Ахъшэр зэрахуримыкъым къыхэкІыу, Лениным и узрамым и лъэс лъагъуэри ирагъэфІэкІуэн хуейуэ къоно.

Зэ1ущІэм къыщыпсэлъащ Урысейпсо цІыхубэ фронтым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм къыхилъхьа «Карта убитых дорог» проектыр зэзыгъэуІу **Тхьэмокъуэ Анзор**. Ар тепсэлъыхьащ ОНФ-м игъэзащІэ «Дорожная инспекция» Іуэхум. Абыкіэ я мурадыр зэгъэпэщыжьын хуейуэ цІыхухэм я дежкІэ мыхьэнэ зиІэ узрамхэм унафэщІхэм гу лъегъэтэнырщ. Тхьэмокъуэм жиІащ 2017 гъэм проектым и картэм зэгъэпэщыжьын хуейуэ щІыпІэ 76-рэ къызэрыщагъэльэгъуар, абы щыщу 33-м елэжьащ, 12-р дяпэкІэ зэрагъэпэщыжьынущ.

КЪБР-м и Парламентым Промышленностымкіэ, транспортымкіэ, связымрэ гъуэгу Іэнатіэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Гугу Владимир** къыхигъэщащ Налшык къалэм транспортыр зэрыщызекІуэр тэмэму къызэрызэмыгъэпэщар, автомобилыр уэру щызекІуэ щІыпІэхэр къэмылъытауэ, къат куэду зэтет унэхэр зэраухуэр. Апхуэдэ уэхуэныгъэхэм я щапхъэу къихьащ Байсултановымрэ Калюжнэмрэ я зэхэкІыпІэм, Хьэтіохъэщокъуэм, Лъостэным я щІэхэр зеэзыхь узрамым щаухуахэр. Гъуэгум пэгъунэгъу дыдэу щаухуэ унэхэр зэран хъуну къелъытэ къэпсэлъам.

Зэ1ущІэм къыщыпсэлъащ КЪБР-м и МВД-м и УГИБДД-м и унафэщІым и къуэдзэ **Кучмезов Дмитрий**.

Псоми жаІар къэлъытауэ, унафэ ящІащ щІыхухэр къызэрырашэкІ транспортыр зэрызекІуэм и проектыр, абы Налшык щаухуэ автовокзалхэри къыщыгъэлъэгъауэр, ящызыхуну.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.
Сурэтыр **Іэхъуэбэч Хьэрэ1ил** *трихащ.*

● Налшык

ХьэблэщІэр яубзыху

Налшык и щІыпІэ самоуправленэм и Советым щытепсэлъыхьащ «Дубки» хьэблэм и Іэгъуэблагъэм щыІэ щІы Іэнэщ1эр къызэрагъэсэбэпыну щыкІэм.

АБЫ КЪЫЩЫПСЭЛЪАЩ Налшык и архитектор нэхъыщхьэ Унэжокъуэ Астемырэ зи гугъу ящІ щІым теухуа проектыр зыгъэхьэзыра архитектор Макаров Владимирэ. Къапщтэмэ, а щІыр «Налшык» совхозым егъэщІыпІауэ щыта гъавэ щІапІэщ. Абы Олег жиІащ цІыхухэм шынагъуэншагъэ кьахуэзгъэпэщыныр округым кьыпэщыт къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр. Абы и лъэныкъуэкІэ ехъулІэныгъэ пыухыкІахэр щыІэмэ, дызыхьыха и илъэсым екІуэкІыну Іуэхушхуэхэм я лъэхъэнэм гулъытэ хэха зыхуэщІыпхъэ гугъуехьэри мащІэкъым.

Зэ1ущІэм къыщыпсэлъащ Урысейм и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм, Урысейм и ФСБ-м и органхэм я унафэщІхэм я совету Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм, Урысейм и Генеральнэ прокуратурэм и Управленэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм я унафэщІхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм.

● Хъыбар гуапэ

Тхьэзэплъ Хьэсэн ягъэлъапІэ

УФ-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр - Урысейм и литературэ саугъэт иныр - зыхуагъэфэщащэм щІышылэм и 5-м Москва щратыжащ. Абыкіэ ягъэпажэ литературэм зэфІэкІ лъагэ щызыиІэ усакІуэ, тхакІуэ, драматург нэхъыфІхэр.

МОСКВА Литераторхэм я унэ нэхъыщхьэм щратыжащ а саугъэтыр зыхуагъэфэщащхэм. Я лэжьэгъуэхэм, ныбжьэгъуэхэм ехьэхуэну абы щызэхуэсащ художникхэр, музыкантхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр.

Урысей Федерацэм и литературэ саугъэт нэхъыщхьэр мы гъэм зратахэм яущыщ адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэзэплъ Хьэсэн. Абы и усэхэр, рубаихэр щызэхуэхьэса «Путь караванщика» тхьилъыр куэдым ягу ирихьащ.

УФ-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Иванов Николайрэ абы и правленэм и ягъэ секретарь Иванов Геннадийрэ къыхагъэщащ Тхьэзэплъ Хьэсэн и лэжьыгъэхэм тхьилъеджэхэм я деж щІэуплІэшхуэ зэрыщІэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Пятигорск къалэм щекІуэкІащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и деж щылажьэ Советым и зэІущІэ. Абы хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков А. ТІ.

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ Белавенцев О. Е. и деж щылажьэ Советым Пятигорск къалэм щригъэкІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ 2018 гъэм Урысейм и Президентыр хэхьыным зыщыхуагъэхьэзырымрэ ар щекІуэкІкІэ шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщыным пыщІа Іуэхухэм, апхуэдэу Урысей Федерацэм и субъектэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым хиубыдэхэм УФ-м Лъэпкъ шынагъуэншагъэмкІэ и стратегиер пхыгъэкІынымкІэ Комплекс планыр зэрыщагъэзащІэм. Зэ1ущІэм хэтащ икІи кІыщыпсэлъащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков А. ТІ.

Зэ1ущІэр къыщызэІуихым Белавенцев Олег жиІащ цІыхухэм шынагъуэншагъэ кьахуэзгъэпэщыныр округым кьыпэщыт къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр. Абы и лъэныкъуэкІэ ехъулІэныгъэ пыухыкІахэр щыІэмэ, дызыхьыха и илъэсым екІуэкІыну Іуэхушхуэхэм я лъэхъэнэм гулъытэ хэха зыхуэщІыпхъэ гугъуехьэри мащІэкъым.

Зэ1ущІэм къыщыпсэлъащ Урысейм и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм, Урысейм и ФСБ-м и органхэм я унафэщІхэм я совету Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм, Урысейм и Генеральнэ прокуратурэм и Управленэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм я унафэщІхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм.

«Адыгэ псалъэм» и щІэджыкІакІуэхэм захудогъаз

● Гу зылъытапхъэ

Иужьрей махуэхэм редакцэм щІыху куэд къызэрыпсалъэм къриклІащ мы тхыгъэр. Пщ1э зыхуэтщ1 ди щІэджыкІакІуэхэ, фэ фыщІоупщІэ газетым махуэ къэс нышыфхуамыхьым и щхьэусыгъуэм. Абы и жэуапыр мыращ - мы илъэсым ди газетыр тхьэмахуэм щэ къыдэкІыну араш икІи къэхъуам ди зэран хэлъкъым.

«АДЫГЭ ПСАЛЪЭМ» и закъуэкъым апхуэдэ мардэм трагъэувар, «Кабардино-Балкарская правда», «Заман» газетэри апхуэдизрэщ тхьэмахуэм дуней къызэрытехьэнур. Апхуэдэ унафэ къащтащ газетхэр къыдэзыгъэкІхэу КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ, республикэм и мызакъуэу, зэрыкъэралу экономикэ и лъэныкъэкІэ щытыкІэ гугъум зэритыр, мыльку къыдэгъэхуэн зэрыхуейр я тегъэщІапІэу.

Дыз3рыщыгъуаз3щи, газет къыдэгъэкІыным теКІуадэр мащІэкъым. Апхуэдэу щытми, ар удыныщхуэ хуэхъуну къыдольытэ ди анэдэлъхубзэр лэжьэныным. Дигу зэрыдгъэфІырщи, ар ПІалъэкІэ зыхуэкІуа Іэмалу къыджаІащ, экономикэ щытыкІэр зэпІэзэрыт хъужмэ е нэгъуэщІ хэкІыпІэхэр къагъэтмэ, ди газетхэри тхьэмахуэм тхуэ къыдэкІыну зэтраублэжьыну я мурадщ.

Шэч хэмылъу, дэри кьыдэхьэлъэкІащ газетым и къыдэжьІыгъуэкІэ зэрагъэмэщІар, сыту жыпІэмэ, дэ нэсу зыхьдощІэ бзэм зиужьыныжкІэ, ар лъэпкъым фІэмыкІуэдныжкІэ ди пщэ къыдэхуэ жэуаплныгъэр. Зым и дежкІи щэхуэкъым - бзэр щымыІэжмэ, лъэпкъи щыІэжынукъым. Ди фІэщ мэхъу фэри нэхьыбэу фызыгъэпІейтейр ди бзэм апхуэдэ шынагъуэ къыщхьэщымыгъэхьэныраУз зэрыщытыр.

Къимыдзкіэ, илъэс ныкъуэм хуэзэу пощтым Іэ тедзапщІэу фІихащ тхьэмахуэм тхуэ къызэрыдэкІыу щытам тещІыхьа уасэр. Иджы абы лейуэ ахъшэ ефтауэ къыщІэкІащ. Ар къыватыжын-къывамытыжыным теухуауэ фыщІэупщІэ хъуну къыщІэкІынщ Іэ щытевдза пощт Іуэхущ1апІэхэм.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и лэжьакІуэхэр.

● Шынагъуэншагъэ

Ямэ игъэщыпхъэ къалэныщІэхэр куэд дыдэ мэхъу

Урысей МЧС-м и Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэу КъБР-м щы1эм хъипщы-тэжащ блэкІа илъэсым зэфІигъэкІа лэжьыгъэр, дызыхыхьа 2018 гъэм ямэ игъэщыпхъэ къалэныщІэхэр иубыхуащ. Абы теухуа зэІущІэр Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм щекІуэкІащ.

ЗэІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ, республикэ Правительствэм къэхъукъащІэ шынагъуэхэм защыхъумэныжрэ апхуэдэхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжынымкІэ, мафІэс шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыныкІэ и комиссэм и унафэщІ **Бэлэтокъуэ Владимир**, Урысей МЧС-м и Апщэ щІыналъэ центрым и унафэщІым и къуэдзэ **Ропотов Станислав**, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лІыкІуэхэр, Урысей МЧС-м и Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэу КъБР-м щы1эм и лэжьакІуэхэмрэ ветеранхэмрэ.

Зэ1ущ1эр къыз1уахащ республикэм нэгъабэ къыщыхьуа къэхъукъащІэ шынагъуэхэр уигу къэзыгъэкІыж видеосюжеткІэ.

Ямэу утыкум къарагъэблагъа Бэлэтокъуэ Владимир жи1ащ къызэдгъэкІа гъэр тыншу зэрыщымытар - гъатхэпэ мазэм къеха уэсукъхьуэм ихьащ сноубордисти 7-м я гъащІэр, фокІадэм къеха ятІэпсым эжьІуэдащ цыхуищ. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий и жэрдэмкІэ ягъэбелджылащ Урысей Федерацэм и цІыхухэмрэ щІыналъэхэмрэ къэхъукъащІэ шынагъуэхэм щыхъумэным теухуа къэрал программэм Къэбардей-Балъкъэрыр зэрыкагъэхьэну Іуэхугъуэхэр. Ар зытеухуар республикэм шынагъуэ къыщыхьункІэ хъуну и щІыналъэхэм щыщІапхъэхэращ. Вице-премьерым фІыщІэ яхуищ1ащ Бахъсэн ауэым къыщыхъуа къулейсыз1ыгъэм и Іэужьхэр гъэкІыжыжынымкІэ хэта псомиз. КъызыгъэщхьэхуКІащ цІыхуэхэр зэрызэкъуэувар иКІи зэрызэдзэІэпыкъуар, апхуэдэуи жи1ащ Къэбардей-Балъкъэрым гуэзвэгъуэм хэхуа зы цІыхуи гулъытэншэ зэрыщамыщІынур.

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щы1эм и унафэщІым и кьалэнэхэр пІалъэкІэ зы-гъэзащІэ **Черный Михаил** къыщыпсальэм жи1ащ мафІэсхэр блэкІа илъэсым процентэ 5-кІэ нэхъ мащІэ зэрыхъуар, мафІэсгъэнькІыфІ дружинэхэм я зэфІэкІыр нэхъ зыхэпщІэ зэрыхъуар. Къызэуэсахэр щыгъуазэ ищІащ «Шынагъуэ здэщыы1ыІэ республикэ» программэм и фІыгъэкІэ нэхъхъукъащІэ шынагъуэм теухуауэ цІыхухэм хъыбар зэрыгъагъащІэ Іэмалхэр зэрефІэкІуэну щІыкІэм.

Урысей МЧС-м и Апщэ щІыналъэ центрым и унафэщІым и къуэдзэ Ропотов Станислав кьыхихуэ республикэм щы1э я Іэнатіэхэм я лэжьыгъэр хъарзынэу зэрыгагъэкІуэкІар, КъБР-м и унафэщІхэм фІыщІэ къахуищІащ абыхэм гулъытэ зэрагъэуэтым папщІэ. «Граждан зыхъумэжьныгъэр ильэс 85-рэ ирокъу» медалыр абы яриташ КъБР-м и Правительствэ и Унафэщ1ым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир, Бгы1ъэ геофизическэ институтым и унафэщІ Беккиев Мухъутар, Іуащхьэмахуэ район администрацэм и Іэтащхьэ Залиханов Кьаналэ Замир, КъБР-м Транспортым-рэ зэпыщІэныгъэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Кьудей Арсен, КъБР-м ухуэныгъэмкІэ, псэупІэ-комму-нальнэ ІуэхугъэмкІэ, гъэзугъэмкІэ и министр Кьуныжь Вячеслав, Лъэпкъ гвардием и федеральнэ дзэхэм я управленэм и гупым и унафэщІ Палаткин Олег, «Лэгъупыкъу» социально-реабилитацэ центрым и унафэщІ Эристовэ Лянэ, КъБР-м федеральнэ казначействэмкІэ и управленэм и унафэщІ Іут1ыж Шумахуэ, «Аэрокомплекс» ООО-м и унафэщІ Уэртэн Аслъэн, ВДПО-м и Налшык кьалэ кІудамэм и советым и тхьэмадэ Хьэмдэхъу Залым сымэ.

Апхуэдэуи «Граждан зыхъумэжьныгъэр ильэс 85-рэ ирокъу» медалыр иратащ къэгъэлакІуэхэу Базиев Азэмэт, Казиев Зейтунэ Малкандуев Кязимрэ, ПСЧ №2-м и лажьакІуэ гупхэм ящыщ зым и унафэщІым и дзэпыкъуэгъу Аброкъуэ Аслъэн, мафІэсгъэункІыфІ машинэхэр зегъэкІуэныжрэ кІэ инструктор нэхъыжь Индэрокъуэ Мартин, ПСЧ №2-м и мафІэсгъэункІыфІ Бахъуэ Тимур, ЦУКС-м и оперативнэ плъыр Кьашыргъэ Залым, ЦУКС-м и инженер Шевелев Алексей, мафІэс къэмыгъэхъуныжмкІэ кьэхутэныгъэхэр щагъэкІуэкІ лаборатор-эм и кІудамэм и унафэщІ Шэру Алим сымэ.

«За содружество во имя спасения» медалыр хуагъэфащащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и чэнджэщагъэ Курданов Уэерр.

«Армэм и генерал Алтунин и фэеплъ» медалыр иратащ Урысей МЧС-м и ветеран Шагин Сергейрэ Налшык кьалэм граждан зыхъумэжьныгъэмрэ къэхъукъащІэ шынагъуэхэмкІэ и центрым и унафэщІ Гъэунэ Робертрэ.

УАРДЭ Женя.

● Узыншагъэ

Гулъытэм хохъуэ

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Хьубий Марат щІэуэ яухуа Перинатальнэ центрым и лэжьыгъэр зэрекІуэкІым зыщигъэгъуэзащ. Ар кьызэрызэІуахрэ абы дунейм кьыщытехьащ сабий 562-рэ. А бжыгъэм кьегъэлъагъуэ зэрыдлажьэрэ мазитІ фІэкІа мыхъуа Іуэхущ1апІэм республикэм и цІыхубзхэм фІагъ лъагэ зиІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр зэрыщагъуэтыр.

ПЕРИНАТАЛЬНЭ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Гаевэ Алёнэ зэрыжиІэмкІэ, дунейм кьытехьа сабийхэм ящыщу 13-р зэтІолъхуэныкъуэщ, 62-р я пІалъэр кьэмысу кьалъхуащ, 38-р реанимацэ кьудамэм щІэхуащ. Сабийхэм псоми сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей дэ1эпыкъуныгъэхэр ягъуэтащ. Мы зэманым аэр центрым щІатхьэкІыжащ, я узыншагъэкІэ шынагъуэ щы1эжьым. Нэхъ гугъу дехьащ зи хьэльагъэ щащІэ Іэмал имы1эу тхъумапхъащ», - жи1ащ Хьубий Марат.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Университет хъыбархэр

Мурадхэмрэ хэкІыпІэхэмрэ

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбардей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ къыщы-зэрагъэпэща зэ1ущ1эм кърагъэбгъэлагъ ди щІыналъэм хьыхь районхэм егъэджэныгъэмкІэ я Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр. КъБКУ-м и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ Іэпщэ Аринэ хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, зэ1ущ1эм хэтащ КъБКУ-м и ректор Алътуд Юрий, университетым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ социальнэ ІуэхугъэмкІэ и проректор Къумыкъу Іуэрес, егъэджэныгъэмкІэ и проректор Лесев Вадим, еджапІэ нэхъыщхьэм хьыхь къудамэхэм я унафэщІхэр, нэгъуэщІхэри.

«СТІОЛ ХЪУРЕЙ» щыкІэм тету екІуэкІа зэхуэсым щытепсэлъыхьащ КъБКЪУ-мрэ егъэджэныгъэмкІэ щы-пІэ Іэнатіэхэмрэ нэхъыщІэхэм Іэщ1агъэ яхуэхъунур пасэу яубзыхуэм ехьэлІауэ зэдалэжьын хуей Іуэхугъуэхэм. Алътуд Юрий къыщыпсалъэм къыхигъэщащ 2017 гъэм КъБКЪУ-м щекІуэкІа зэрыщІэтІыхьэ лъэхъэнэр къызэгъэпэща зэрыхъуамрэ абы къриКІуахэмрэ. Апхуэдэу ар къытеуведыщ еджапІэ нэхъыщхьэм адэкІи зегъэужьыныжмкІэ унафэщІхэм яІэ мурадхэмрэ ялъагъу зэкІыпІэхэмрэ.

- Си гуапэу вжьзоІэ 2017 гъэм екІуэкІа къэрал къэпщытэныгъэхэмкІэ (ЕГЭ) балл лъагэ зэзыхьаеу щыта ныжьыщІэхэм я Іыхьэ планэр ди университетым и студент зэрыхъуар, - жи1ащ Алътудым. - Ар езыр-езыру кьыдэхъуІа Іуэхугъуэхъым - абы хэлъщ щІыпІэ Іэнатіэхэм я гуащІи зэфІэкІи. Абы папщІэ фІыщІэ ин фхуэощ.

Адэкіэ Къумыкъу Іуэрес ректорым и псалъэм къыпищэу жи1ащ мыгъэрей зэрыщІэтІысхьэ лъэхъэнэри кьызэуэтыншэу егъэкІуэкІыным университетми егъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэхэм я Іэщ1агъэлІхэми я кьаурэ зэфІэкІрэ ирахьэлІапхъэу кьызэрильытэр.

- Университетыр зыужьыныгъэм и гъэугум зэрытетым и щапхъэу къэсхьыну сыкуейщ мы Іуэхугъуэхэр: школ академие щІыкІум щеджэ сабийхэм я бжыгъэм хохъуэ, олимпиадхэмрэ нэгъуэщІ зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ хэт ныжьыщІэхэм я бжыгъэри нэхъыбэ мэхъу, адэ-анэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ нэхъ шэщІауэ дадолажьэ, - жи1ащ Къумыкъум.

Проректорым зыкъызырихуэщІамкІэ, дызытехьа илъэсыщІэм ялъэ лэжьыпхъэхэм ящыщу школ унафэщІхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ яхуэзэныр. ЕгъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэми къыхалъхьащ зэдэлэжьэныгъэр егъэфІакІуэныжмкІэ я Іуэху еплъыкІэхэр. Апхуэдэу ахэр тепсэлъыхьащ егъэджакІуэхэм я Іэзагъым щІэчэ имы1эу зэгъэхъуэн, лэжьакІуэ нэхъыфІхэм я лъэр щІэзыгъэкІын Іуэхугъуэхэми адэкІи зегъэушэщІын зэрыхуейм.

Зэ1ущ1эм и кІэухьку Алътуд Юрий фІыщІэ, щытхъу тхьапхъэр яриташ егъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэхэм я Іэщ1агъэлІкІэу КъБКЪУ-м нэхъ жыджэру дэлэжьахэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Футбол

«Спартак-Налшыкым» ди щІалэхэр тегъэщІапІэ ещІ

Мазитым нэблагъэкІэ загъэпсэхуауэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр къызэхуэсы-жащ. Республикэ дохутыр-физкультурэ диспансерым япэщІыкІэ абыхэм я узыншагъэр къыщапщытэурэ, итІанэ зыгъэсэныгъэхэр ирагъэжьэнущ.

ЗЫГЪЭПСЭХУГЪУЭ зэманым къриубыдэу «Спартак-Налшыкым» зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр къыщыхъуащ. Абы и тренер нэхъыщхьэ Трубищин Сергей къызэрыджи1ам-кІэ, дзпэкІэ тегъэщІапІэ ящынур ди щІыпІэм къыщалъхьуа иКІи топ джэгуным зыщІэзыгъэса щІалэхэращ. Ар и щхьэусыгъуэу кІэлъыплъащ «Спартак-Налшыкым» и щІалэгъуалэ гупым щыщхэу, республикэм и щІымахуэ чемпионатым щыджэгуэху футболист 60-м нэблагъэм. Зыхагъэхьаэм я цІэхэр мыгувэу на1уэ хъунущ.

Зэкіэ дызыщыгъуаззращи, Биджиев Хьэсэнбий тренер нэхъыщхьэу щыщытам адэ-мыдэкІэ бэджэнэу къыщащтахэр яутІыпщыжащ. Кьапщтэмэ, апхуэдэхэщ Магомадов Чингиз, Муслуев Идрис, Шахтиев Хьалид, Миронов Сергей, Михайленкэ Дмитрий, Абидинов Магомед сымэ. ЗэрызэгурыІуам тету ди командэм хэкІыжахэщ Алиев Русланрэ Ахриев Хьэсэнрэ.

Нэхъ кьыдэхъэкІахэм ящыщу Пащты Русланрэ Гугуев Магомедрэ «Армавир»-м зэрыхьхьар. Фигу кьэдгъэкІыжынщи, а командэр Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Апщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм щапашэщ икІи ягъэ дивизионым хьыхьэну ерыщу хущІокъу. Шэч хэлъкъым ди щІалэхэр абыкІэ щІэгъэкъуэн лъэщ армавирдэсхэм зэрахуэхъунум.

Биджиев Хьэсэнбий зи тренер нэхъыщхьэ Курск и «Авангард»-м хэту яп1э дивизионым дяпэкІэ щыджэгуну «Спартак-Налшыкым» и гъащІэхьаУ нэхъыфІ ЛІуп Исльам. Ар гъусэ яхуэхъуащ а командэм нэхъапэм кьыхьа ди лъахэгъуэхэу Гъурф Азэмэт, Щоджэн Марат, Болэ Руслан сымэ.

Тхьэмахуит нэблагъэкІэ Налшык зыщагъэса иужькІэ, гъатхэпэм щІэзыдзэжьну етІуанэ дивизионым и «Апщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьазырыным «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм Нартсанэ (Кисловодск) щыпащэнущ.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министрствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбардей-Балъкъэр» хъыбарегъащІэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, «Къэбардей-Балъкъэр» телекомпание», «Къэбардей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпаниемрэ, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпаниемрэ, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакІуэхэм гущІыхьэ ящІыхьащ журналистикэм и ветеран, «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэу 1953 - 1961 гъэхэм лэжьа **Исмэхьил Алий Исмэхьил и къуэр** зэрыл1ар икІи абы и Іыхьлыхьэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Унэжокъуэ Борис Дулэ и къуэр

И ныбжьыр илъэс 85-м иту дунейм ехьажащ мэкъумэш Іэнатіэм и ветеран, зи зэфІэкІхэмкІэ щІэрыІуэ къэрал лэжьакІуэу, къызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэлъакіуэу щыта Унэжокъуэ Борис Дулэ и къуэр.

Унэжокъуэ Борис КъБАССР-м хыхьэ Щэджэм щІыналъэм щыщ Кэнжэ къуажэм 1933 гъэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и мэкъумэш къудамэр къыуха нэужь, ар «Кэнжэ» колхозым и зоотехникэу, и унафэщІу лэжьащ, КъБКЪУ-м и еджапІэ хозяйствэм и Іэтащхьэу щытащ.

1975 гъэм Унэжокъуэ Борис «Кэнжэ» совхозым и унафэщІу ягъэуващ икІи а къулыкъум ильэс 20-м нэблагъэкІэ пэрытащ.

А зэманым къриубыдэу Унэжокъуэм хуэзфІэкІащ хьэлэмэ кьыкІэрыхуу щыта мэкъумэш Іуэхущ1апІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Совет Союзми щІпашэхэм, фейдэ нэхъыбэ къэзылэжьхэм зэрихьэхьэн.

Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор Лучков Пётр Григорий и къуэр я дэ1эпыкъуэгъуэу, «Кэнжэ» совхозым къэралым щыяпэу щагъэунэхуауэ щытащ Іуэщхьэмэшхьэ жыгхэр джабэ нэкІуэхэм екІуэкІыу щыгъэкІыным теухуа технологиер. Борис Дулэ и къуэм бгъэдэлъа къызэгъэпэщакІуэ зэчийм и фІыгъэкІэ, «Кэнжэ» совхозыр уваУэ щытащ, бгылъэ щІыпІэхэм жыг хадэхэр щыгъэкІыным Совет Союзым зыщегъэжьыныжмкІэ къэхутэныгъэхэр щрагъэкІуэкІ щІыпІэу. Хозяйствэм куэдрэ къыщыкъэралым щыяпэ инженер школ къызэгъэпэщыным теухуа унафэм.

♦1918 гъэм Адыгейм Совет властыр щагъэуващ.

♦1924 гъэм Ленин (Ульянов) В. И. дунейм ехьажащ.

♦1934 гъэм Украинэм и Компартым и XII съездым унафэ щащІащ республикэм и къалащхьэр Харьков ирахьу Киев ягъэзэпхъэным теухуауэ.

♦1943 гъэм советыдзэхэм Ставрополь кьалэр фашистхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1954 гъэм дунейм щыяпэу США-м хьэзэр щыхъуащ атом псыщІагъырыкІуэ кхъухьэр.

♦1985 гъэм Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан дунейм ехьажащ.

♦Франджым щыщ дизайнер-модельер, зи Іэдакъэщ1экІэмкІэ дуней псом щІэрыІуэ щыхъуауэ щыта **Диор Кристиан** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦Совет къэфакІуэ, балетмейстер, СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Моисеев Игорь** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Физик цІэрыІуэ, академик, совет атом бомбэр зэрызэпкъралъхьну щыкІэр къызэгупсыса **Курчатов Игорь** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Ермэлы композитор, СССР-м и цІыхубэ артист **Бабаджанян Арно** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ **ХьэхъупащІэ Хьэжбэчыр** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Испаниием щыщ, дуней псом щыцІэрыІуэ оперэнэ уэрэджакІуэ **Домингэ Пласидэ** илъэс 79-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубэ егъэджакІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор **Мэлбахьуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **БищІо Борис** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубэ артист **Харатьян Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаеу щыщытынущ. Мазхуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щІыІэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

Щ1ышылэм и 22, *блыщхьэ*

♦УФ-м и ПВО-м и кхъухьлъатэдзэхэм я махуэщ

♦1517 гъэм Мысыр шэрджэс мамлюкхэмрэ тыркудзэмрэ Каир пэмыжыжьэу зэзэуэн щыщІадзащ.

♦1969 гъэм КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэ Брежнев Леонид иуКІыну хэтащ (Совет армэм и сержант нэхъыщІэ Ильин Виктор.

♦Инджылыз усакІуэ **Байрон Джордж** къызэралъхурэ илъэс 230-рэ ирокъу.

♦Сабий тхакІуэ **Гайдар Аркадий** (и унэцІэ дыдэр **Голиковщ**) къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Совет физик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и академик, Нобель и саугъэтыл и лауреат **Ландау Лев** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ цІэрыІуэ, РСФСР-м и цІыхубэ артистэу **Талызинэ Валентинэ** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦КъБКЪУ-м и библиотекэм и унафэщІу щыта, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Унащ1э Розэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей актёр, продюсер, нэтынхэр езыгъэкІуэкІ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Ярмольник Леонид** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаеу щыщытынущ. Мазхуэм хуабэр градуси 2, жэщым щІыІэр градуси 2 -1 щыхъунущ.

Мы махуэхэм

Щ1ышылэм и 20, *щабэр*

♦Кърым Республикэм и махуэщ. 1991 гъэм а щІыналъэм референдум щекІуэкІащ Кърымым и автономиер зэфІэгъэувэжьынымрэ теухуауэ. Абы къриКІуам ипкъ иткІэ Украинэм и Совет Нэхъыщхьэм 1991 гъэм мазаем и 12-м «Кърым Автономнэ Совет Социалист Республикэр къызэгъэпэщыжынымрэ Іуэхукіэ» унафэр къищтауэ щытащ.

♦1588 гъэм Урыс пащтыхь Фёдор Иван и кІуэм Кремльм щриГэбэлъат Черкасскэм Темрыкъуэ и къуэ Мамсрыкъуэрэ Къамболэт и къуэ Къудэнэтрэ (зэкъуэш бынхэт).

♦1831 гъэм Бельгиер зэи зы къэралми и Іуэху хэмыІэбэнымэ, зым и тельхьэуи къэмыувыным теухуа унафэ къащтащ.

♦1892 гъэм баскетбол джэгуКІэ лІэужьыгъуэщІэмкІэ яп1э зэпеуэр США-м щекІуэкІащ.

♦1921 гъэм Бгырыс АССР-р къэунэхуащ.

♦1921 гъэм Дагъыстэн автономнэ республикэр къызэрагъэпэщащ.

♦1925 гъэм СССР-мрэ Япониемрэ дипломатие зэхущытыкІэ яку дэлъыным теухуа унафэм Пекин Іэ щыщІадзащ.

♦1958 гъэм автомобилым иныгъ хуабжьагъэр къызэгъэлъагъуэ яп1э радарэр Лондон щагъэувауэ щытащ.

♦Тыркум щыщ усакІуэ, драматург, тхакІуэ щІэрыІуэ, Мамырыгъэм и дунейпсо саугъэтыр зрата **Хикмет Назым** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Ветеранхэм я республикэ Советым щІалэгъуалэм ядалэжьныжмкІэ и комиссэм и унафэщІ, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КъБР-м и ЩІыхь тхылъыр зыхуагъэфэща **Пщыбий Сультан** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист **Напщ1экъуий Заур** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Совет, урысей политик, Тэтэрстаным и яп1э президенту щыта **Шаймиев Минтимер** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКЪМУ-м и профессор **Елмэс Альбий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, режиссёр, фильм куэдым я сценарийр зыхъуа, УФ-м и цІыхубэ артист **Хотиненкэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Уэрэджы1акІуэ, УФ-м и цІыхубэ артистэ **Аллегровэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКЪУ-м и профессор **Къуэщ1ысокъуэ Роберт** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Актрисэ цІэрыІуэ, Литвам щІыхь зиІэ и артистэ, «Ника» саугъэтыр зрата **Далкэнайте Ингеборгэ** и ныбжьыр 55-рэ ирокъу.

♦Дуней псом самбо бэнэкІэмкІэ тІэунейрэ и чемпион **Алъхъо Сыхьэтбий** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаеу щыщытынущ. Мазхуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щІыІэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

Щ1ышылэм и 21, *тхьэмахуэ*

♦Уэсым и дунейпсо махуэщ. Къэрал куэдым ар щагъэлъапІэ Щ1ымахуэ спорт лІэужьыгъуэхэм я махуэ фІэщыгъэр иІэу.

♦Диным и дунейпсо махуэщ

♦Іэпл1э зэхуэщ1ыным и дунейпсо махуэщ. Ар 1986 гъэм США-м ксыщыкІахьыну, абы и хьакІэрыр дунейм псом псынщІэу щызэпхащІысауэ, къэрал куэдым щагъэлъапІэ.

♦УФ-м и инженер дзэхэм я махуэщ.

♦1701 гъэм Пётр Езанэм Іэ щІидзащ къэралым щыяпэ инженер школ къызэгъэпэщыным теухуа унафэм.

♦1918 гъэм Адыгейм Совет властыр щагъэуващ.

♦1924 гъэм Ленин (Ульянов) В. И. дунейм ехьажащ.

♦1934 гъэм Украинэм и Компартым и XII съездым унафэ щащІащ республикэм и къалащхьэр Харьков ирахьу Киев ягъэзэпхъэным теухуауэ.

♦1943 гъэм советыдзэхэм Ставрополь кьалэр фашистхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1954 гъэм дунейм щыяпэу США-м хьэзэр щыхъуащ атом псыщІагъырыкІуэ кхъухьэр.

♦1985 гъэм Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан дунейм ехьажащ.

♦Франджым щыщ дизайнер-модельер, зи Іэдакъэщ1экІэмкІэ дуней псом щІэрыІуэ щыхъуауэ щыта **Диор Кристиан** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦Совет къэфакІуэ, балетмейстер, СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Моисеев Игорь** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Физик цІэрыІуэ, академик, совет атом бомбэр зэрызэпкъралъхьну щыкІэр къызэгупсыса **Курчатов Игорь** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Ермэлы композитор, СССР-м и цІыхубэ артист **Бабаджанян Арно** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ **ХьэхъупащІэ Хьэжбэчыр** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Испаниием щыщ, дуней псом щыцІэрыІуэ оперэнэ уэрэджакІуэ **Домингэ Пласидэ** илъэс 79-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубэ егъэджакІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор **Мэлбахьуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бищ1о Борис** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубэ артист **Харатьян Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаеу щыщытынущ. Мазхуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щІыІэр градуси 2 -1 щыхъунущ.

Зыгъэхъэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Ямыубри бэным дэлъри зэхуэдэщ.

● Іуэху еплъыкІэ

Адыгэбзэр санскрит лъапІэм и къежьапІэ?

Адыгэ Тенджыз (Мэржэхъу Мухьэмэд) Дзэлыкъуэ щІыналъэм щыщ Дзэлыкъуэ къуажэм 1943 гъэм накъыгъэм и 5-м къыщалъхуащ.

1959 - 1964 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Радиовещанэмрэ телевиденэмкІэ и комитетым и хорым, къэрал узэраджьыдакІуэхэмрэ къэфакІуэхэмрэ я хорым щылэжьащ. 1964 - 1969 гъэхэм ар щыпсэуащ Латвие ССР-м и Даугавпилс къалэм. ЩэнхабзэмкІэ унэм и унафэщІу щытащ. «Электроинструмент» заводым и лэжьапІэ ІэнатІэ зыбжанэм пэрытащ, абы къыдэкІуэри щеджащ Даугавпилс дзт музыкально-педагогическэ институтым, Ригэ щыІэ политехникэ институтым, ауэ щхьэусыгъуэ гуэркэм къыхэкІыу абыхэм ящыщ зыри къыухакъым. Гъэщ1эгъуэнщ: и япэ Іуэтэжкэр (рассказкэр) дунейм къыдэрытехьар латышыбзэщ.

1969 гъэм и Хэкум къегъэзэжри, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и корреспонденту, иужькІэ я газетым и литературнэ лэжьакІуэу, къудамэм и унафэщІу, «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэу мэлажьэ.

Къыщынэмыщ1ауэ, Мэржэхъу Мухьэмэд, къыухащ КъБКъУ-р, Москва Горькэм и цІэр зэрихьэу дэт Литературэ институтыр, СССР-м и Госкином кино-сценаристхэмрэ режиссёрхэмрэ щагъэхьэзыр иль эситІ курсыр. Ар хэтащ 1979 гъэм Москва тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я 7-нэ союзпсо зэхуэс щекІуэкІам.

1981 гъэм Мухьэмэд хагъэхьащ ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм, 1982 гъэ лъандэрэ Москва дэсщ икІи щолажьэ.

Адыгэ лъэпкъым и бзэм, хабзэм, тхыдэм и къежьапІэр къэтІэщІыным ящыщ ары ары, Мэржэхъу Мухьэмэд хамэ къэрал зыбжанэм къыщыщідзащ. Адыгэм и псэм, и дунейм, и философием и купщІэм щыщыІуэнэ щыпІэмрэ зэманымрэ къилъыхьэу, абы зэгъэпщэныгъэкІэ къихутащ Индием и литературэбзэу къалъытэ санскритымрэ адыгэбзэмрэ я1эу. Мухьэмэд иригъэкІуэкІа лэжьыгъэмкІэ къыбгурагъэІуэну хэтщ адыгэбзэм нэхърэ нэхъыжь зэрыщымыІэр, уеблэмэ дунейм лъэпкъыу тетыр къызытепщыкІыжахэр абы ирипсалъэу щытауэ хуегъэфащэ.

Мэржэхъу Мухьэмэд и Іэдакъэщ1экІ гъэщ1эгъуэным щыщ пычыгъуэ фи пащ1ыр идолъхъэ икІи дыщогуфІ абы къыпищэну тхакІуэм иІэ мурадыфІхэр къехъулІэну, къэхутэныгъэ телъыджхэхэмкІэ дигъэгуфІэну.

Адинатха къулъшырыфыр.

Илъэс мин 26-рэ зи кІыхьагъ гъэугуанэ

ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм щІэныгъэм зыкъыхуригъэзэкІащ адыгэ дунеймрэ щэнхабзэрэ. Псалъэм папщІэ, Канадэм щыІэ Макмастер университетым и профессор Коларуссо Джон адыгэбзэр кууэ едж, кІуэдыжа убыхыбзэм, абазэбзэм, абхъазыбзэм, бжьыдыгъубзэм, шапсыгъыбзэм йолажь. Къищынэмыщ1ауэ, нобэр кІуэдэсым щІэныгъэм хуэмыгъэкъарууа тхыгъэжьхэм къоджэф ар, «Нартхэр» эпосыр инджылызыбзэкІэ зэридзэкІащ, США-м и Президенту щыта Клинтон Билл Кавказ ІуэхуэмкІэ и чэнджещэгъуу лэжьащ. Коларуссо и къэхутэныгъэхэр зытеухуар санскритымрэ адыгэбзэмрэ зэрязэкІуалІэр къэхутэныр.

